



# **UNSUR KEBAHASAAN DALAM TEKS DESKRIPTIF**



# Unsur Kebahasaan Teks Tanggapan Dheskriptif

- Ironing teks tanggapan dheskriptif akeh tinemu jinise tembung. Lumrahe jenise tembung kang ana yaiku **tembung lingga** lan **tembung andhahan**, uga tinemu perangane ukara **yaiku ukara tanduk (kalimat aktif)**, lan **ukara tanggap (kalimat pasif)**.

## A. TEMBUNG

### 1. Tembung Lingga

Tembung lingga yaiku tembung kang durung owah saka asale lumrahe ing basa Indonesia diarani 'kata dasar'. Tuladhane: aju, tulis, tuku, sapu, waca, gawa, tangis lan sapanunggalane.



## 2. Tembung Andhahan

Tembung andhahan yaiku tembung kang wis owah saka asale, owah-owahan iku bisa diwenehi wuwuhan (imbuhan). Wuwuhan ana telung (3) werna yaiku ater-ater ('awalan'), seselan ('sisipan') lan panambang ('akhiran').

### 1) Ater-ater (awalan)

Ater-ater yaiku wuwuhan kang dununge manggon ing ngarep tembung.

- a) Ater-ater anuswara: *m-*, *n-*, *ny-*, *ng-*.

Gunane kanggo ngrimbag tembung lingga dadi tembung kriya tanduk. Tuladha :

M + papan = papan                         ny + sapu = nyapu

N + tangis = nangis                         ng + gambar = nggambar

- b) Ater-ater tripurusa: *dak-*, *kok-*, *di-*.

Gunane kanggo ngrimbag tembung lingga dadi tembung kriya tanggap (kata kerja pasif). Tuladha :

- Ater-ater *dak-*, duwe teges sing nindakake pakaryan kuwi wong kapisan.

dak + sapu = daksapu                         dak + tulis = daktulis

- Ater-ater *kok-*, duwe teges sing nindakake pakaryan kuwi wong kapindho. Tuladha :  
kok + siram = koksiram                        kok + tuku = koktuku
- Ater-ater *di-*, duwe teges sing nindakake pakaryan kuwi wong katelu. Tuladha :  
di + wulang = diwulang                        di + bukak = dibukak

c) Ater-ater *sa-, pa-, pi-, pra-, tar-, ka-*.

Gunane kanggo ngrimbag tembung lingga dadi tembung andhahan. Tuladha :

sa + gelas	=	sagelas	pra + setya	= prasetya
pa + warta	=	pawarta	tar + waca	= tarwaca
pi + tutur	=	pitutur	ka + tulis	= katulis

d) Ater-ater *kuma-, kami-, kapi-*.

Gunane kanggo ngrimbag tembung lingga dadi tembung kahanan (*kata sifat/keadaan*). Tuladha :

kuma + wani	=	kumawani	kapi + lare	= kapilare
kami + seseg	=	kamiseseg		



### e) Ater-ater a-, ma-

Gunane kanggo ngrimbag tembung lingga dadi tembung pepaes utawa ing basa endah (*sastra*). Tuladha :

a + wujud = awujud

ma + gawe = magawe

### 2) Seselan (sisipan)

Seselan yaiku imbuhan kang dununge ana ing tengah tembung. Seselan cacahe ana 4, yaiku: *-um-*, *-in-*, *-er-*, *-el-*. Tuladha :

singkir + (-um-) = sumingkir

kepyur + (-el-) = kelepyur

tulis + (-in-) = tinulis

kelip + (-er-) = kerelip

### 3) Panambang (akhiran)

Seselan yaiku wuwuhan kang dumunung ing mburi tembung. Panambang wujude yaiku: *-a*, *-i*, *-e*, *-en*, *-an*, *-ana*, *-ake*, *-ne*, *-na*, *-ku*, *-mu*.

Tuladha: budhala, nutupi, jogete, jawilen, panganan, tulungana, mikirake, lungane, cekelna, lungguhku, kadhamu.



Budhal + a = budhala  
tutup + i = nutupi  
Joget + e = jogete  
Jawil + en = jawilen  
Pangan + an = panganan  
Tulung + ana = tulungana

pikir + ake = mikirake  
lunga + ne = lungane  
cekel + na = cekelna  
lungguh + ku = lungguhku  
kadhang + mu = kadhamu



## B. UKARA

### 1. Ukara Tanduk

Yaiku ukara sing wasesane (sebutan/predikat) oleh ater-ater anuswara (*an, am, any, ang*) utawa kadadean saka tembung kriya lingga. Tandha-tandhane ukara tanduk (kalimat aktif) :

- 1). Jejere (subyek) nindakake pagawean.
- 2). Lesane (obyek) dikenani pagawean.
- 3). Wasesane (predikat) saka tembung kriya lingga utawa saka tembung tanduk (tembung lingga kang oleh ater-ater anuswara: *an, am, any, ang*)

Tuladha :

1. Mau bengi bapak maos serat Kalatidha.  
Ket. *W*      *J*      *W*      *L*

2. Kowe nandur kembang wijaya kusuma.  
*J*      *W*      *L*

3. Akuadolpitikningpasar gedhe.  
*J*      *W*      *L*      *Ket. papān*



## 2. Ukara Tanggap

Yaiku ukara sing wasesane (sebutan/predikat) oleh ater-ater tripurusa (*dak, ko, di*) utawa oleh seselan *in*. Tandha-tandhane ukara tanggap (kalimat pasif) yaiku :

- 1). Jejere (subyek) dikenani pagawean.
- 2). Lesane (obyek) nindakake pagawean.
- 3). Wasesane (predikat) saka tembung tanggap {tembung lingga kang oleh ater-ater tripurusa (*dak,ko,di*), ater-ater *ka* (kang ateges disengaja) utawa oleh seselan *in* } .

Tuladha ukara tanggap :

1. Serat Kalatidha diwaos bapak mau bengi.  
*Jejer*            *wasesa*        *lesan*        *ket.wektu*

2. Kembang Wijaya kusuma kotandur.  
*Jejer*            *wasesa*

3. Pitik dakdol ing pasar gedhe.  
*Jejer*            *Wasesa*        *ket. papan*



# MATURNUWUN

